



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU RETABLI DWA VÒT POU NOUYÒKÈ KI AN LIBÈTE KONDISYONÈL YO

Li Retabli Dwa Vòt yo apre yo Lage Soti nan Prizon

Mezi a Amelyore Angajman Sivik, Redwi Residiv ak Pwomouvwa Sekirite Piblik

Li Redwi Dezanchantman Nouyòkè Etnik ki pa Blan yo - Restriksyon sou Vòt pou Moun ki an Libète Kondisyonèl yo Afekte Nouyòkè Afroameriken ak Ispanik yo nan yon Fason Dispwoòsyone

Li Ajoute sou Rekò Jistis Kriminèl Gouvènè a ki gen ladan Ogmante Laj pou Responsabilite Kriminèl la, Nominasyon yon Pwokirè Espesyal nan Lanmò Viktim Sivil ki pa Gen Zam nan Rankont Mòtèl yo gen ak Ofisye Fòs Lapolis yo ak Restriktirasyon Sistèm Defans Piblik la

Dekrè Egzekitif la Disponib [La-a](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon dekrè egzekitif pou retabli dwa vòt pou moun ki an libète kondisyonèl yo. Refòm lan pral retabli dwa vòt apre yo lage soti nan prizon epi ranvèse dezanchantman pou anpil milye Nouyòkè. Restriksyon sou vòt pou moun ki an libète kondisyonèl yo gen yon efè sou Nouyòkè etnik ki pa blan yo, avèk Nouyòkè Afroameriken ak Ispanik yo ki reprezante 71 pousan nan popilasyon dezanchante yo. Yo lye angajman sivik a rediksyon residiv epi mezi a pral pwomouvwa aksè a pwosesis demokratik la epi amelyore sekirite piblik pou tout Nouyòkè. Dekrè egzekitif la disponib [isit la](#).

“Mwen ap pwomilge dekrè egzekitif k ap bay moun ki an libète kondisyonèl yo dwa pou yo vote. Li pa rezonab pou refize dwa vòt pou Nouyòkè ki te deja peye dèt yo epi ki ap rantrè nan sosyete a ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Refòm sa a pral redwi dezanchantman an epi li pral ede restore jistis ak ekitablite pou pwosesis demokratik nou an. Refize oswa retade dwa vòt yo diminye demokrasi nou an.”

Mezi egzekitif sa a pral ranvèse dezanchantman aktyèl moun yo lage soti nan prizon nan New York yo ki anba sipèvizyon kominotè apre yo soti nan prizon yo santi. New York rejwenn katòz lòt eta ak Distri Columbia ki deja retabli dwa pou moun vote apre yo lage soti nan prizon. Gen apeprè 35,000 moun aktyèlman ki an libète kondisyonèl nan

New York ki paka vote. Moun sa yo ap patisipe nan sosyete a an jeneral, malgre limit kondisyon libète kondisyonèl la yo mete sou yo. Yo travay, yo peye taks, epi yo sipòte fanmi yo, epi yo dwe pèmèt yo eksprime opinyon yo sou chwa kominote yo ap konfwote atravè vòt yo, menm jan ak tout lòt sitwayen yo.

Anplis de sa a, lwa aktyèl k ap anpeche moun ki sou sipèvizyon libète kondisyonèl yo vote a gen kontradiksyon entèn avèk apwòch New York pran anvè vòt pou moun k ap pije kondanasyon pwobasyon an yo. Moun ki nan pwobasyon yo pa janm pèdi dwa pou yo vote, men anpil fonksyonè eleksyon konte yo pa klè sou distenksyon ant sila ki an libète kondisyonèl yo ak sila ki nan pwobasyon yo, sa ki souvan lakoz dezanchantman ilegal. Yon etid Sant Brennan lan te fè an 2006 te rapòte ke yon tyè nan konte New York yo mal entèdi moun ki nan pwobasyon yo enskri pou yo vote, pandan lòt tyè pami tout konte yo ilegalman fè moun yo montre prèv estati elijibilite yo kòm elektè.

Sa ajoute sou akonplisman Gouvènè Cuomo yo nan refòm jistis penal la

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo pandan lane pase sèlman, New York adopte refòm jistis penal radikal, tankou paregzanp ogmantasyon laj responsabilite penal la, egzije pou fòs lapolis yo anrejistre sou videyo entèwogasyon nan gadavi yo pou enfrazyon ki grav yo, pèmèt itilizasyon seri foto pou idantifye temwen y ap admèt nan pwosè, epi elaji refòm defans penal endijan revolisyonè aranjan Hurrell-Harring lan nan tout eta a, pou vin tounen premye eta nan nasyon an ki revize sistèm defans piblik li an yon fason ki radikal konsa.

Anplis de sa a, Gouvènè a te siyen Dekrè Egzekitif nimewo 147 la 8 Jiyè 2015, pou nonme Pwokirè Jeneral Eta New York la kòm yon pwokirè espesyal nan kesyon ki gen rapò ak lanmò viktim sivil ki pa gen zam nan rankont mòtèl yo gen ak ofisye fòs lapolis yo. Dekrè a ap pèmèt pwosèkitè espesyal lan egzamine ka yo kote gen yon kesyon pou konnen si moun sivil la te gen zam epi li te danjere nan moman lanmò li an. Li rete premye ak sèl dekrè egzekitif nan modèl sa nan nasyon an.

Depi lè Gouvènè Cuomo te rantre an fonksyon an, Eta New York la te fèmen 24 prizon ak sant detansyon jivenil yo—plis pase nenpòt lòt peryòd yon Gouvènè te sou pouvwa nan istwa eta a—sa k ap redwi popilasyon prizon yo pa plis pase 6,000 nan lespas tan sa a. Gouvènè a te etabli tou Travay pou Inisyativ Reyisit lan (Work for Success Initiative) ki te ede plis pase 20,000 moun ki te enkasere anvan sa jwenn travay apre liberasyon yo. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te fòme premye Konsèy leta pou Re-Antre e Re-entegrasyon Kominotè (Council on Community Re-Entry and Reintegration) an 2014 pou pran ka obstak ansyen prizònye yo konfronte lè yo retounen nan sosyete a. Depi lansman Konsèy la, yo te ede fè plizyè chanjman pou amelyore rantre nan sosyete a, sòti nan adopte prensip “Anbòch San Patipri” (Fair Chance Hiring) osen ajans eta a yo rive nan bay konsèy ki entèdi diskriminasyon baze sou kondanasyon sèlman pou lojman New York finanse yo pou pèmèt tribinal yo sele jiska de kondanasyon kriminèl san vyolans pou moun ki pa fè krim pandan omwen 10 zan yo. Finalman, Gouvènè a bay apeprè 4 milyon dola sibvansyon anyèl pou soutni ven Gwoup Travay Konte sou Reyentegrasyon (County Re-Entry Task Forces) k ap sèvi yon total 5,000 moun k ap retounen nan konte yo lè yo fin pije yon santans prizon eta. Yo te evalye moun sa yo epi yo jwenn yo bezwen tretman kowòdone pou abi sibstans ak sante mantal; fòmasyon pwofesyonèl, plasman pwofesyonèl ak devlopman konpetans; ak entèvansyon konitif ak

konpòtmantal, yo te konsepsyone pou ede moun yo chanje fason yo panse ki kontribiye a konpòtman kriminel yo genyen yo, amelyore motivasyon pozitif epi devlope konpetans sosyal yo.

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)